

7 jen

N ap sipliyè nou pou Kris : se pou nou rekonsilye avèk Bondye ! Paske, sila ki pa t konnen peche a, Li fè L tounen peche akòz nou menm. Konsa, nan Li, nou vini jistis Bondye. 2 Korentyen 5. 20, 21

Mouri trankil

Nan moman lanmò yon selèb kòmantatè espòtif, medya yo raple youn nan mo ki te fè l popilè : “Kounye a, yon moun ka mouri trankil”. Li te fè deklarasyon sa pandan li t ap kòmante viktwa ekip foutbòl Lafrans, nan final koupdimonn nan. Petèt pawòl sa yo te ale pi lwen pase lide l yo, men yo te temwaye pasyon li pou foutbòl. Pi gwo sa li te swete a sot fenk reyalize, e nan moman sa, li te gen anpil satisfaksyon.

Men èske sa sifi pou yon moun mouri trankil ? Si yon moun ta panse sa se ta va pa pran bagay yo serye, se ta va manfouben. Fòk yon moun ta manfouben pou li ta di, li ka mouri trankil san li pa ranje zafè l ak Bondye. Pasyon nou pa dwe fè nou bliye, se va yon moman solanèl, lè nou va fasafas ak Bondye. Sa gen lontan, te gen yon pwofèt ki t ap avèti tout moun : “Prepare ou pou kontre ak Bondye” (Amòs 4. 12). Nou bezwen prepare nou, paske natirèlman, nou se lènmi li nan lide nou yo. Men li te ba nou mwayen pou nou ka rekonsilye avèk li grasa lanmò Pitit li a, paske Jezi Kris te “fè lapè grasa san li sou lakwa” (Kolosyen 1. 20). Konsa, lafwa nan Jezi Kris, e li menm sèl, ba nou yon jistis ki pèmèt nou gen lapè ak Bondye. Se lè sa a sèlman, yon moun ka pale de lanmò ak kè poze, paske Bondye, jij tout moun nan (Ebre 12. 23), va resevwa sila ki te kwè nan li tankou yon pitit byenneme, peche li yo padone e ki rekonsilye ak li grasa sakrifis Jezi Kris la.

7 juin

Nous supplions pour Christ : Soyez réconciliés avec Dieu ! Celui qui n'a pas connu le péché, il l'a fait péché pour nous, afin que nous devenions justice de Dieu en lui. 2 Corinthiens 5. 20, 21

Mourir tranquille

Lors du décès d'un célèbre commentateur sportif, les médias rappelaient un des mots qui l'avaient rendu populaire : "Maintenant, on peut mourir tranquille". Il l'avait prononcé en commentant la victoire de l'équipe de France de football en finale de la coupe du monde. Ses paroles allaient probablement au-delà de ses pensées, mais elles témoignaient de sa passion pour le foot. Son plus grand souhait venait d'être exaucé, et sur le moment, il en éprouvait une pleine satisfaction.

Mais est-ce suffisant pour mourir tranquille ? Le penser serait de la légèreté, de l'insouciance grave. Il faudrait être bien inconscient pour déclarer pouvoir mourir tranquille sans être en règle avec Dieu. Nos passions ne doivent pas nous faire oublier la solennité du moment où nous serons face à face avec Dieu. Il y a bien longtemps, un prophète avertissait chacun : "Prépare-toi à rencontrer ton Dieu" (Amos 4. 12). Nous avons besoin de nous préparer, car nous sommes par nature ses ennemis dans nos pensées. Mais il nous a donné le moyen d'être réconciliés avec lui par la mort de son Fils, car Jésus Christ a "fait la paix par le sang de sa croix" (Colossiens 1. 20). Ainsi la foi en Jésus Christ, et elle seule, nous procure une justice qui nous permet d'avoir la paix avec Dieu. Alors seulement, la mort peut être envisagée avec sérénité car Dieu, juge de tous (Hébreux 12. 23), recevra celui qui l'a cru comme un enfant bien-aimé, pardonné de ses péchés et réconcilié avec lui par le sacrifice de Jésus Christ.